



WAKIL BUPATI WONOSOBO

PAMEDHAR SABDA WAKIL BUPATI WONOSOBO ING ADICARA BIRAT SENGKALA PENGETAN AMBAL WARSA WONOSOBO KE-199

SELASA LEGI, 23 JULI 2024

**Assalamualaikum Warohmatullohi Wabarokatuh,
Katentreman, kabagyan, berkah, soho rohmat saking
Gusti Inggang Hamurbo Alam Sawegung, Dzat Kang
Atunggal, mugi tansah tinampi temah kasanding tuwin
kasandang dhumateng sagunging titah kalebet
panjenengan sedoyo lan kulo waradin sagung dumadi,
widodo niskolo satemah lulus raharjo..... Rahayu.**

- Katur dhumateng sesepuh lan pinisepuh inggang satuhu kinabekten;
- Jajaran Forkopimda inggang kinurmat;
- Poro nimpuno tuwin winasis ing babagan pangolahing roso sejati, inggang kaimpun ing Majelis Luhur Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa Indonesia (MLKI) inggang satuhu luhur ing budi; miwah
- Poro kadang pamengku budoyo, mirungganipun wargo Permadani inggang pantes nampi sagunging pakurmatan.

Langkung rumiyin, sumonggo panjenengan sedoyo lan kulo nyawijekaken sedyo lan roso ingkang konjem ing nolo, saprelu sujud manembah ing pepadaning Dzat Inggang Atitah, kacihno ing ndalu meniko panjenengan sedoyo lan kulo pinaringan kanugrahan awujud kabagaskwarasan tuwin kayuwanan, satemah saget kempal manunggal ing papan meniko kanthi rinenggo ing karaharjan winengku ing kawilujengan.

Sagung pasarto Birat Sengkolo ingkang kalimput ing kamulyan.

Salajengipun adeg kulo ing papan meniko tan sanes nun inggih:

- Ngaturaken pambagyo kawilujengan tuwin sugeng rawuh, dhumateng poro kadang saking MLKI ingkang sampun mirungganaken wekdal, sakprelu rawuh ing papan meniko kanthi sedyotomo ingkang sae.
- Kula pitados bilih panjenengan sedoyo langkung pono babagan pangolahing batin lan roso, awit saking meniko kulo masrahaken tirta suci saking pitung sumber ingkang sampun kasawijekaken, murih minongko saroni kangge hanyingkiri sekathahing reridu lan memolo ing wewengkon kabupaten Wonosobo, ing rerangken Ambal Warsa Kaping Satus Sangang Doso Songo kabupaten Wonosobo.

- Kanthi manunggaling cipto, roso, karso, lan karyo panjenengan sedoyo, ingkang kawujudaken ing panembah dhumateng Dzat Inggang Moho Welas, murih sedoyo pabrayan agung Kabupaten Wonosono saget kinalisno ing memolo, tinebihno ing sakoro koro, satemah tansah pinaringan anubowo kayuwanan.
- Sinartan dedongo, nugroho asihing Gusti Inggang Moho Agung saget kinabulno kajad panjenengan sedoyo lan kulo, tinebihno ing rubedo lan memolo kalebet kamelaratan, stunting, miwah nggangsaraken lampahing ekonomi, ngundakaken kualitas sumber daya manusia, lan sapiturutipun, satemah saget gangsar samudayanipun.
- Salajengipun, jumbuh kalayan tema pengetan Ambal Warso Kaping Satus Sangang Doso Sanga Kabupaten Wonosobo, kulo nyuwun sedoyo pabrayan agung mundut intisari utawi filosofi ingkang kinandhut ing rerangken toto upocoro Birat Sengkolo meniko, kanthi hangejawantahaken ingkang saestu **“GUYUB RUKUN MUSTIKANING LAKU”**. Kanthi guyub rukun minongko lelandhesan anggen leladi dhumateng pabrayan agung Wonosobo, saget mawujudaken gegayuhan Wonosobo ingkang unggul lan raharjo.

Kanthi makaten, monggo sami nyengkuyung sedoyo program pamarintah ing sawenehing bidang, kairing samyo jogo guyub rukun, mad sinamadan, satemah pabrayan agung saget ngraosaken hayom, hayem, lan tentrem kanthi waradin.

- Salajengipun, tirta suci lan pusoko projo paripurno kaparingan pujo montro saking poro winasis, kulo suwun enggal katindakno toto rakit salajengipun, midherek raos tuwin kapitadosan panjenengan sedoyo. Menawi sampun karaos cekap, pusoko piyandeling projo tumuli enggal kundurno ing papan sekawit lumantar Dinas Pariwisata dan Kebudayaan.

Sanggyo tamu ingkang mahambeg bowo laksono.

Makaten ingkang saget kulo aturaken, sedoyo lepat atur ingkang kirang jangkep, kulo nyuwun agunging pangapunten. Kulo pungkasi kanthi manjalmaning sesanti **“Hayu Hayu... Rahayu, Siningkirno Sakabehing Rubedo, Kalisno Ing Sikoro Koro, Guyub Rukun Kinaryo Landhesan Utomo”**.

Wasono,

Wassalamualaikum Warohmatullohi Wabarokatuh.

Rahayu..... Nuwun

WAKIL BUPATI WONOSOBO
ttd
Drs. H. MUHAMMAD ALBAR, M.M.